


IMILYE OU

 [Frè Neville prezante Frè Branham—Editè a.] O, Frè, ou oblije admèt ke sa se yon sipriz. M ta jis renmen fè kèk anons apre sa, “Annou konsidere sa isi a: mwen menm k ap panse on bagay konsa.”

² Se vrèman on plezi pou m isit la a chak fwa. Vwayaj nou sou pwen prèske fini kounye a, konsènan rete avèk ou. Paske, nou gen yon lòt reyinyon k ap vini touswit apre nan Chicago, e m dwe mennen fanmi an—an tounen Arizona trè byento. E yo potko janm pran vakans ete yo, e m sipoze mennen yo al fè on ti tou on kote, nan kèk jou. E apre m ap pati petèt on, on jou, youn nan dimanch yo, epi semèn k ap vin apre a m ap kòmanse nan Chicago. Apre sa fò m tounen drèt, nan on lendi, epi mennen yo Arizona.

³ E kounye a m jis rayi vini on dimanch maten, pran moman sa a lè tout moun byen fre. Dimanch swa, nou toujou fatige epi bouke, nan dimanch swa; e apre pou m remèt sèvis dimanch swa a bay pastè nou an, sa—sa on jan pa bon. Men m rayi fè sa, e kanmenm dimanch swa m ta, dimanch swa, gen on sèvis dimanch swa, epi m kenbe moun yo tèlman ta. Anpil nan yo sòti fon nan sid e—e lwen nan nò pou yo vin isi a, e yo gen, o, gen delè yo kondwi lajounen kou lannwit, jis pou yo vin isi a pou on sèvis, apre sa retounen. E se pou rezon sa a ke m eseye fè l dimanch maten, lè m vini, sa ba yo on chans pou yo retounen.

⁴ Peleren ki onèt, fidèl, ala m apreseye yo! Yo kondwi nan nèj k ap fonn, lapli, ak tout lòt bagay, pou yo vin isi a, travèse peyi a, dè santèn de kilomèt, jis pou on ti sèvis. Kifè sa fè m gen Bondye rekonesans, epi moun sa yo, pou gwo—pou gwo sipò yo, nan sa m ap eseye di, a moun yo, ki se Verite.

⁵ Kounye a, m kwè ke sa se Verite, mwen . . . ak tout kè m. Si te gen on bagay diferan, ke m te panse ki te pi bon, se sèten m—m t ap fè l an premye . . . m pap janm mande okenn moun ale on kote ke m pa ale an premye, pou jwenn si se sa ou non. M pa t ap mande pyès moun pou—pou fè on pa, nan Bondye, ke m pat deja fè e ke mwen konnen se Verite. Dabò, fòk se Pawòl Seyè a, apre sa fò m avanse pou m wè si se vre. Apre sa si se vre, lè sa a m ka di: “Vini bò *isi a*.” Ou wè, se trase chemen an.

⁶ E, kounye a, m panse ke nenpòt minis ta dwe fè sa, ta dwe ale an premye, li menm. Li sipoze on lidè, on lidè pou moun yo, pa pale de on bagay ke l pa t ap manyen, li menm. Nou ta dwe ale pou nou vin lidè moun yo.

⁷ Maten an, m te gen yon eksperyans trè etranj, dwòl isit la sou chè a. E se te, apeprè dènye pati Mesaj la, m pat gen entansyon di l konsa. Ou wè? Men m sipoze ke sa deja di, e pa gen anyen m

ka fè sou sa kounye a. Men apre sa m rantre lakay, e m kòmanse etidye sou sa.

⁸ E nou te gen on ti reyinyon fanmi jodi a, te gen jis frè m yo ak yo. Manman al fè wout li. E nou te gen abitud rankontre lakay li, e kounye a n al kay Delores. Nou te pase on bon moman lòt bò a apremidi a, ap pale, e Teddy te la. Nou te chante kèk chan, jwe kèk kantik ak lòt bagay.

⁹ Kounye a m panse, petèt dimanch maten pwochen, si Seyè a vle, si sa pa deranje Frè Neville, kounye a m ta renmen gen on sèvis gerizon, jis dedye sèlman pou gerizon. E m—e m panse, ak Mesaj maten an, jan Seyè a sanble te kondwi m pou m pote L, pou m prezante L la, sa ta dwe on ti jan ankouraje nou, ou wè, pou—pou—pou reyèlman kwè. Nou—nou ap jwe, e nou—nou pran diferan bagay pou ap pale sou yo. Men sètalo lè li vin on defi, sa a se on bagay diferan. Tankou . . .

¹⁰ On moun t ap rakonte m, m kwè se te frè m dèyè a la, t ap rakonte on—on ti istwa jodi a, sou yon nonm, on—on minis ak . . . youn nan, on moun nan asanble l, li te di ke l te ka mache sou on gwo twonk bwa won.

Li di: “Sèten, pastè, Seyè a avè w.”

Li di: “M ka chaje on gwo twonk bwa won sou do m, pandan m ap travèse a.”

“Se sèten, Seyè a avè w.” Epi li t ale e li te fè l.

¹¹ Li di: “M ka pote on gwo twonk bwa won, e pouse on bwouèt pandan m ap travèse, an menm tan.”

¹² “Se sèten, Pastè, Seyè a avè w. Fwa w ka fè nenpòt bagay.”

¹³ Li di: “M ka mete w nan bwouèt la, e chaje gwo twonk bwa won an.”

Li di: “Bon tann on minit!” Ou wè?

¹⁴ Sa diferan lè ou enplike ladan l, ou menm. Ou wè? Kounye a, li trè bon pou nou di sa la: “Amèn.” Li trè bon pou nou di: “M kwè se vre.” Men alò mete l an aksyon. Ou dwe mete l an aksyon.

¹⁵ Jan m te deklare sa maten an, moun yo te kouche nan lombraj Pyè, yo pa t janm menm mande pou lapriyè.

¹⁶ M ale nan anpil kay, pou ap obsève sa. M priye anvan m ale, e m jis antre la ak onksyon an, e m pa menm priye pou moun yo, epi m sòti e yo geri. Ou wè? Ou wè? Se vre. M wè sa a rive tèlman anpil fwa! Ou wè? Ou dwe gen on kote pou mete fwa w. Ou dwe kwè li. E m kwè ke lè a ap pwoche, e se kounye a.

¹⁷ E m reyalize ke sa a se pa yon sèvis bann kasèt. Yo ka fè on ti piti pou pwòp tèt yo, men sa se pa on bann kasèt ki pral pakouri peyi a. A . . .

¹⁸ Sa m t ap pale maten an mennen nou dirèkteman nan on—nan on pi gwo nivo, e se poutèt rezon sa ke m pral pran dimanch pwochen an pou on—on—on sèvis gerizon. Paske, depi lè m rantre

lakay, m te pale nou de vizyon yo e de sa ki te pase, e tout bagay, e m te eksplike li, poukisa m fè tout bagay sa yo. Epi maten an, ap mennen l dirèk kounye a sou dènye Pull sa a.

¹⁹ Kounye a se tou pa m pou konsakre m a Bondye; moman pou Bondye pale avè m. Ou wè, mwen—mwen—mwen dwe jis gen on ti chanjman nan pwòp vi m, ke, pa ke m panse mwen mechan, men m—m vle santi m on tijan pi pre moun yo, ou wè, moun ke m ap eseye anonse. . . Verite Levanjil sa a, e yo vire do yo ba Li, epi al fè wout yo ak griyen dan sou Li.

²⁰ Kounye a, pou mwen, sa sanble tankou se yon mank de respè. Pou mwen, sa pa deranje m; men sou bagay ke m ap pede di yo, Se Verite k ap eseye ede yo. Se tankou w ap pouse yon bato, epi ou di: “Men ni, men li, travèse! Men ni, soti nan kouran k ap pran fòs sa, ou pral mouri! Ou, ou pral peri la!” E yo jis ri w, epi mache al fè wout yo. Ebyen, pou mwen, m santi tankou, si y ale, pa gen anyen an plis ke m ka fè sou sa, ou wè, anyen ke m ka fè.

²¹ Men m vle kouri desann sou rivaj la kounye a pou m konvenk yo: “Retounen!” Ou wè, m oblije gen santiman sa, ou wè, paske m konnen gen on moun deyò la ki poko antre. E m—m pral fè lapèch jiskaske. . . Li di, jiskaske yo pran dènye pwason an. Mwen—mwen vle fè sa.

²² Alèkile, e kounye a, pou sa fèt, m ap tann ke on bagay rive nan on reyinyon priyè. On bagay. . . E anpil nan nou sonje vizyon sou—sou dènye Pull la, Twazyèm Pull sa, pito. Nou sonje? Te gen on bagay ki te rive jis anvan sa: m te wè Limyè sa vini epi desann kote sa, e te di: “M va rankontre w la.” Kounye a m ap tann pou on bagay rive.

²³ Plizyè ane de sa, isit la, sa te konn rive ke sèvis yo ak disènman sa te konn rann mwen tèlman fèb ke apèn m te ka mache. Anpil nan nou sonje sa. M jis rive nan yon pwèn kote m te kanpe e Jack Moore te oblije pran on bra m, epi Frè Brown pran lòt la, epi ap mache monte desann avè m nan lari a, pandan inèdtan apre sèvis la. E sa te bay ke, m te jis ap eseye panse a ki kote—ki kote m te ye e kisa ki t ap pase. Apre sa, lonje la tout lannwit ap panse a sa, ap kriye ak tout lòt bagay, epi ap mande poukisa yo pat aksepté Seyè Jezi nou an.

²⁴ Apre Li di m nan on vizyon, “On lè ou va rankontre on dam ki va vin jwenn ou, l ap abiye ak on kostim mawon, e li va pote on ti bebe nan on dra, e apati de lè sa a, ou va gen fòs pou w andire pi plis.” Ebyen, m te di nou tou sa. E sa te rive Chicago, aswè sa a lè ti dam Presbiteryen an, lè pwòp pastè l te voye l la ak bebe a.

²⁵ E mwen kwè se te frè l, oswa youn nan yo, te on—on doktè. Li te di: “Pa gen espwa pou bebe a sof si Bondye Toupwisan touche li.” Li t al fè wout li. . .

²⁶ Li t al di pastè l sa. Pastè l te di: “M pa—m pa kalifye,” li te di: “pou—pou opere gerizon Divin sa a, paske m—m pa. . . m jis pa

genyen l nan mwen, fwa ke sa pran pou fè sa.” Bon, sa—sa—sa—sa rele onèt sou sa. Ou wè? Li te di: “M jis pa genyen l nan mwen.” Li te di: “Men m te nan youn nan reyinyon Frè Branham yo, e m ta konseye w pote bebe a bay—bay Frè Branham.” E doktè a te abandone sa, e l ta pral mouri.

²⁷ E ti dam lan te antre la kote m te gen on, on sòt de—de sèvis pou ti moun Katolik sa yo ki te boule, nan lekòl sa anwo la, nou konnen. Nou sonje lè sa te rive a. Nou te gen sèvis sa, e men ti dam sa ki t ap desann sou estrad la avèk kostim mawon an sou li. Madanm mwen avèk yo te chita la, e m te di . . . m te vire epi m te gade, e m te gade toutotou, pou wè si yo te kanpe la. E sa vin rive ke, jis anvan m vini, m kwè Billy Paul avèk yo t ap pale, oswa madanm mwen oubyen kèk nan yo, ak dam sa ki avèk ti bebe a. E dam lan te mache al sou estrad la, e Sentespri a te revele tout bagay la, epi te geri bebe a la.

²⁸ Mwen t al fè wout mwen, e depi lè sa mwen jis pa fatigue ankò. Ou wè, sa pa deranje m, e mwen—mwen jis ap kontinye nèt ale.

²⁹ Kounye a, m ap tann on bagay rive, pou m mete Twazyèm Pull sa an mouvman nan plas li. Ou wè? E petèt pwochen sèvis gerizon dimanch maten an, petèt li va pwodui sa. M pa konnen.

³⁰ Mpanse, sa nou ta dwe fè, se pou nou ta di moun yo, pou yo vin ak moun malad yo. Bon, pou on sèvis gerizon, nou oblije konsakre nou a moun malad yo. Vin ak moun malad nou yo, e mennen yo isit la bonè dimanch maten pwochen, annou di bò zòn uitè ou uitè trant, e n ap kite yo ba yo on kat priyè lè y ap antre nan pòt la, nenpòt jan yo fè l la. E apre nou va gen on liy priyè pou priyè pou malad yo, e jis gade sa Sentespri a pral fè.

³¹ Mwen kwè Li va fè mèvèy si nou jis kwè nan Li, ou wè. Men nou dwe kwè Li pou sa kounye a, ak tout kè nou. E mwen kwè ke gran moman an rive kote Bondye, jan nou te di l maten an, te montre nou anpil bagay, epi te mennen nou jiska on sèten . . . jis jiska on nivo. Pou te jis pouse monte sou ti mòn sa, e se tou sa nou bezwen, apre sa li pral lwen. Ou wè, yon—yon ti avanse jis jan l te ye a, menm bagay la, avèk disenman an, menm bagay la ak domèn pwofetik la, pou veye.

³² M te kanpe Calgary . . . padon, se te nan vil rèn lan, anba nan Regina, Regina. E Ern Baxter te kanpe la, ak on pakèt lan nou. E Seyè a te di m, drèt isit la sou estrad la, “Sa va rive ke, ou va konnen menm sekrè ki nan kè yo.” E se vre. E m pat janm pansa a sa fason sa. M te monte sou estrad la jou swa sa, avèk Ern, e m te jis kòmanse priyè pou malad yo. E men on nonm ki te vini, m te jis espoze tout vi l; se te premye fwa sa te janm rive jis konsa, nan on moman, nan on sèvis gerizon. Apre sa m te gade oditwa a, e vwala ke L te kòmanse ap desann sou oditwa a ak lòt bagay. O, lè nou va rive lòt bò a! Mwatye istwa a poko janm rakonte, sou bagay sa yo, pou nou obsève, epi bagay nou wè nan vi moun yo.

Mwen pa di anyen sou sa. Mwen jis kite sa frankil, ou wè, sof si m vrèman santi m oblije di on kichòy.

33 E kounye a mwen atann ke pwochen sa k ap vini an kòmanse konsa. Ou wè, Bondye, nan fason Pa L, nan tan souverèn Pa L, ap kòmanse l. E sa va—sa va on lòt bagay ki va—va depase byen lwen nenpòt nan de lòt yo. Ou wè? E m ap tann sa rive.

34 E m te panse, petèt, si m ta gen on ti sèvis gerizon petèt dimanch pwochen. Apre sa dimanch apre a m va pwobableman pati ak timoun yo epi lòt yo, paske yo dwe tounen pou y al lekòl. Epi lòt dimanch apre sa, se klè, mwen, m ap Chicago, nan reyinyon laba a. E apre sa mwen va tounen lendi apre a, pou m pati nan madi al—al Arizona, pou timoun yo tounen lekòl.

35 Ebyen, ki sa w te jwenn, pastè? [Frè Neville di: “Ebyen, m dekouvri on bagay trè etranj.”—Editè a.] Bon, se trè byen, kounye a nou vle tande sa.

36 Kidonk kounye a Seyè a—a beni nou tout, anpil, anpil. E mwen—mwen espere wè nou isit la dimanch pwochen. Epi mèkredi swa . . .

37 Epi tande. Pa bliye ti legliz sa yo, tankou Frè Ruddell, Frè Jackson, Frè Parnell, e tout ti frè sa yo k ap konbat di deyò a, ou wè. E yo santi tankou ke nou se legliz sè pou yo—yo—yo isit la, nou wè. Nou tankou on ti gwoup manman pou yo. Se la yo te fèt, yo soti isi a, pastè e latriye.

38 E ti jennòm sa dèyè a, frè, m te rankontre l lòt jou swa a la, Allen, ti Frè Allen. M espere Frè Collins isit la ap fè konesans ak Frè Allen, si l pa konnen l. Tou de se minis Metodis yo ye, e yo te—te wè Verite Pawòl la.

39 E, òganizasyon legliz Metodis la—la, ki gen on bann moun de byen nan legliz Metodis sa. Piga w janm met lan tèt ou ke yo pa sa. Yo se sa. Gen on bann moun de byen nan legliz Katolik sa. Gen on bann ki de byen nan legliz Presbiteryen an. Ak tout plas sa yo, se gason ak fanm k ap tann pou wè Limyè sa klere chemen yo. Jis kontinye ap fè Limyè a briye, nan imilite, nan dousè. Annou tout grandi vin pi pre Bondye, nan imilye tèt nou. Ou wè?

40 Pa bliye, tabènak sa pral pèdi fòs li. Sonje ke se sib kote Satan brake tout zam lanfè sou li. L ap lakòz on moun fè on bagay ki kontrè a sa lòt la panse. Se sa l ap fè. Li pare pou fè l. Se biznis li, si l ka fè on moun di on bagay, on moun k ap pale sou on lòt, pou di: “Ebyen, tande, èske w te konnen sa *Entèl* te fè?” Piga w tande sa. Piga w tande sa, menm. Se dyab la. Ou wè, se Satan. Piga w kwè sa.

41 Si gen on bagay mal on moun te fè, priye pou yo. E pa priye on jan egoyis, pou di: “M konnen se devwa m, m oblije priye pou frè sa.” Mete sa nan kè w, an pwofondè, pou sè sa. Epi annik pale e rete trè janti, e premye bagay n ap wè, n ap jwenn yo tounen

dwat nan sèvis la ankò. Ou wè? Paske, de tout fason, nou prale nan direksyon kouche solèy la.

⁴² Seyè Jezi a gen pou L vini youn nan jou sa yo. E, nou konnen, m kwè sa va fèt tèlman vit epi tèlman—tèlman an dousè, e kidonk va gen san pou- . . . on santyèm de san pousan nan tout mond lan ki p ap janm konnen lè Anlèvman an fèt. Sa va jis fèt tèlman trankil ke pèsonn p ap konn anyen sou sa. Ou wè?

⁴³ E va gen, natirèlman, ti gwoup yo ki va di: “Ebyen, alò, *Entèl?*”

⁴⁴ “O, yo di gen on bann fanatik laba, yo di gen on gwoup laba ki disparèt, e yo . . . Se pa vre. Yo jis pati al on kote. Nou abitye ak bagay fanatik sa, ou wè.”

⁴⁵ “Ebyen, yo di ke ti tabènak sa, nan on kote yo rele Jeffersonville, te gen on kantite pami manm li yo ki disparèt.”

⁴⁶ Ou wè, yo jis pat pran sa serye. Y ap di konsa: “O, pa gen anyen nan sa, ou wè,” epitou Sa va pase e yo p ap konn sa.

⁴⁷ Atravè nasyon an, sa ki mouri an Kris yo ap resisite an premye, pou yo vini. Anlèvman an va fèt, Legliz la va al Lakay li. E apre sa, Tribilasyon an va kòmanse, e, o la la, nou pa vle isit la nan moman sa. M pa vle isit la nan Tribilasyon an. Non. Bondye anpeche ke youn lan nou ta janm isit la nan moman sa. Paske, “sa ki souye a, ke l rete toujou souye; sa ki sen an ke l rete toujou sen; sa ki jis la ke l rete toujou jis.” Pa gen . . . Ayo a te avanse avèk Liv Redanpsyon L, e Lepouz la te anlve. Sa yo ki te rejte L te dwe pase pa on peryòd Tribilasyon, tou de Jwif ak Moun lòt Nasyon. Ala on epòk Tribilasyon! M pa vle sa.

⁴⁸ “Seyè, sanktifye m kounye a.” Sa se bon doktrin Nazareen, pa vre? E se laverite, tou. Se vre. Se sa. “Ranpli m kounye a ak Sentespri W, Seyè. Retire nan mwen tout sa ki pou mond lan kounye a, Seyè. Pa—pa kite nou gen . . .”

⁴⁹ Jan vye frè nwa a di a: “Msyè, m gen biyè m nan men m. Li deja make, e lè m va desann bò rivyè a, maten sa, m pa vle gen okenn pwoblèm.”

⁵⁰ Kifè, se apeprè sa, m—m pa vle okenn pwoblèm. Kenbe biyè nou nan men nou, paske nou pral travèse. Jis panse a sa, gran moman redanmsyon an rive.

⁵¹ E kounye a on lòt bagay. Frè, ki non li, sa ki Utica a? M kwè Frè Granham, ak on lòt frè la ki pastè la. On Frè Shanks oswa on bagay konsa, oubyen Sink? [Frè Neville di: “Frè Snelling.”—Editè a.] (Se Frè Snelling ki pastè a, poukont li?) Se Frè Snelling ki pastè nan Utica kounye a. M kwè ke reyinyon priyè yo se . . . [“Jedi swa.”] Jedi swa. Bon, nou konnen, sa t ap vrèman byen si nou ta chape monte la on jedi swa pou nou pataje on ti fratènite ak kanmarad sa yo. Ou wè? E apre sa, lè Frè Jackson, lè l gen reyinyon pa l, si nou ta jis ale ansanm lòt bò a, on ti gwoup nan nou.

52 Jis kontinye priye, kontinye fouye! Wi, pa kanpe. Menm jan lè Eli te pale avè yo, li di: “Fouye twou la!”

Lè nou desann nou sou, nou bare ak on vye bwat konsè, nou di: “M twò fatige”? Retire l sou chemen an e kontinye fouye. Ou wè? Jis kontinye fouye, paske nou dwe fouye. Nou jis oblije fouye, se tou. Paske, si nou—si nou espere pa pran nan Tribilasyon an, pito nou kòmanse fouye.

53 Bon kounye a, pou mwen, m ap preche a pwòp tèt pa m la. M pral kòmanse fouye pi fon pase m te janm konn fouye. Paske, m santi tankou, nan peyi a e nan lemond antye, ke ministè sa prale ankò, jan yo konnen l kounye a prèske toupatou nan lemond. Mwen—mwen dwe ale ankò.

54 Madanm mwen te di m . . . Lèt jou nan maten, mwen di: “M vle ou vin avè m lè m prale. M va pati ozalantou janvye, si Seyè a vle. Mwen vle fè on tou dimonn konplè, toupatou; retounen epi petèt òganize kèk sèvis Ozetazini, a on moman ete pwochen.”

E li te di: “Mwen twò granmoun pou m ale.”

55 “Ebyen,” mwen te di: “M te ale lè m . . . apeprè, dènye vwayaj mwen aletranje se te apeprè uitan de sa, e m santi m pi anfòm kounye a ke m te ye uitan de sa, ou konnen. Ou wè? Mwen konnen plis sou sa kounye a.”

56 Apre sa nou te tonbe sou sijè a: “Si Seyè a di, ‘M ap ba w vennsenk an. Ou p ap vin fèb. W ap ka deplase, e M ap akòde w vennsenk an sou tè a,’ èske ou t ap pran depi—depi jou w te fèt jiska vennsenk an, oswa de vennsenk an jiska senkant, de senkant jiska swasannkenz an, ou byen de swasannkenz jiska sant an?”

57 Bon, nenpòt moun ke yo bay on tan sou tè a, se sèten li va fè bagay ki pi tèrib si l pa pase tan sa ap sèvi Bondye. M pa bezwen konn sa l ap fè.

58 Kounye a, si w ap on vagabon pou medam yo, oswa lòt bagay, pito w pran jèn laj sa, premye vennsenk sa. Ou wè?

59 Si w ap on chapantye, on mekanisyen, oswa on bagay, pito w pran dezyèm vennsenk lan. Ou wè?

60 Apre sa m t ap panse: “E mwen menm? Ki kote m t ap pran?” Mwen t ap pran de swasannkenz a san. M t ap pi entelijan, pi sajan. M t ap pi estab. M t ap konn plis sou sa m ap fè. M gen dizan- . . . uit oswa dizan de plis ke dènye fwa m t al lòt bò dlo. M pa pral sote kòm si mwen t ap touye sèpan. M ap konnen plis sou sa, ou wè. Mwen konn kijan.

61 Se egzateman tankou on chen chas pou ratonlavè k ap goumen ak on ratonlavè, ou wè. Ou konnen plis sou kijan pou koresponn avè l. Ou pa sote anndan la; l ap grafonyen w. Ou wè, ou konn teknik li yo epi swiv sa l ap fè. E n ap aprann plis sou lèmi an. Kifè nou dwe dekouvri tout teknik li yo, e jan l atake,

epi sa l fè, e etidye frap li yo, apre sa ou pare pou koresponn avè l, ou wè.

⁶² “Alò kounye a m panse,” m te di madanm mwen: “M panse mwen pi anfòm kounye a ke lè m te gen karant an, epi m te ale a.” Ou wè, e m gen senkantkatran. E m kwè, si m vivan epi m ka toujou deplase menm jan m kapab kounye a, lè m gen sant an, si mwen. . . si Jezi ta mize lontan konsa, m t ap pi anfòm lè sa ke m ye kounye a, pou m ale. Ou wè? Paske, nou konn plis sou sa, nou konn plis sou sa nou dwe fè, e kijan pou n jere li, kijan pou n jere sityasyon an.

⁶³ Pran on pakèt moun kounye a, si yo gen pou y al opere. “Yo di gen on nouvo doktè ki fenk diplome lòt jou, e ki fenk soti fakilte medsin. Li potko janm fè yon operasyon. Kite l fè sa.”

⁶⁴ “O, non,” nou t ap di: “pa gen sa pyès. Pa nèg sa. Non, mesye. An verite, non. M pa vle l mete okenn kouto sou mwen. Ebyen, m t ap pito desann la pou m al wè *Entèl*. M tandè li fè anpil operasyon. Li konn kijan pou fè sa.” Se sa, ou wè. Se sa ide a.

⁶⁵ Nou reflechi sou sa, men e nanm sa? M vle on moun ki konn kote l kanpe, e ki konn chemen an; ki fè l deja. Wi, an verite.

⁶⁶ Ke Seyè a beni nou. Oke, Frè Neville, monte isi a kounye a. E ke Bondye beni Frè Neville. Pa bliye kounye a, dimanch pwochen.

⁶⁷ [Frè Neville pale de Frè Branham e de Frè Vayle pandan on minit, apre sa li di: “E sa fè m plezi pou akeyi minis Bondye yo, sitou sa yo ki kolabore ansanm nan Sa, e ki Ladann ansanm avèk nou. Sa fè m plezi pou m tandè yo.”—Editè a.] Amèn. [“Kifè mwen te mande Doktè Lee Vayle, mwen te di, ‘Èske w ta vle preche si Frè Branham pa kapab?’ E Frè Branham pat kapab. Petèt li te konn sa.”]

Non, m pat konnen. Mwen pa t ap menm pale tout tan sa.

⁶⁸ [Frè Neville di: “Kifè mwen te mande Frè Vayle, aswè a, si l te vle preche pou nou, okazou Frè Branham pat kapab. Paske li se asosye l nan reyinyon yo, e li konn Chemen an, Chemen sa. E nou kontan gen Frè Vayle. Mwen apresye l e m respekte l menm jan ak nenpòt lòt minis, e menm jan m respekte tout lòt yo. E konsa si l ta vle avanse aswè a pou pale pou nou, sa t ap fè m plezi pou l ta fè sa.”—Editè a.] Amèn. [“Bondye beni nou, epi ann priye pou Frè Vayle. Gen nan nou ki pa janm tandè l, e mwen gen konfyans nou va priye pou li.”] Wi.

⁶⁹ M pa ta dwe pran tout tan li a. M eskize m devan oditwa a. M pat konnen, antan m chita la, ke li. . . sa te planifye. Bondye beni w, Frè Vayle.

⁷⁰ [Frè Lee Vayle di: “Sa pat planifye. Li di, si ou ‘pat pale.’ E ou vini.”—Editè a.] Bon. Se kòrèk.

⁷¹ M pral tandè l, pou tèt mwen. Frè Vayle te pale anpil fwa anvan m, nan reyinyon yo, e—e bagay konsa. L ap jere reyinyon

yo sa fè lontan, e se on bon frè, l ap fè on gwo travay. E mwen sèten ke oditwa sa toujou kontan tandè Frè Vayle lè l pale. Ke Seyè a beni Frè Vayle. [Espas vid sou kasèt la—Editè a.]

⁷² Gen tèlman ki te di ke mwen—mwen—mwen pat ka di anyen pou m rann li miyò. E m vrèman kwè ke se te Seyè a ki te ranje sa pou Frè Vayle te pote mesaj sa, apre sa maten an. Nou wè, sa dwe fonksyone fason sa. Nou—nou aksepte ke sa vini de Bondye. Konsa, gen tèlman bagay li t ap di; mwen—mwen—mwen gen ven predikasyon ke m note isit la, ki soti nan sa l te di yo.

⁷³ M t ap panse la a on ti egzanp, pou m apiye sa l te di a. Bon, nou gade lan mont sa, pou nou konn ki lè li ye. Si chak enstriman ki nan mont sa p ap byen travay ansanm, youn ak lòt, nou p ap janm konn bon lè a. Èske se vre? E sa pran nou tout, ansanm, si nou vle wè Twazyèm Pull la, vrèman fè on bagay pou Bondye, se kowòdinasyon ak nou tout ansanm, pou nou imilye tèt nou devan Bondye epi konfese tò nou yo, epi priye epi kwè nan Bondye pou bagay sa yo.

⁷⁴ M kwè vrèman ke sa Frè Vayle te di yo se Verite, ke Bondye p ap janm mete Lespri L nan on tanp souye, enjis, dezobeyisan. Non. Sa dwe antre pa mwayen pirifikasyon kè nou de tout riz ak inikite, pou nou ka pi devan Bondye, pou Li ka aji ak Sentespri pi Li atravè nou, pou akonpli bagay sa yo. M—m panse ke, lè nou al lakay nou aswè a, si nou va li ti Liv Jid sa, nou va jis aprann anpil kounye a sou sa Frè Vayle te di yo. E li di: “M ap konbat ak tout fòs pou Lafwa ki te transmèt definitivman bay sen yo.” Yo te elwanye yo de Sa. Kijan moun ak lespri kòwonpi epi bagay konsa, te vini epi sedui mennen yo lwen de—de vrè bagay Bondye yo.

⁷⁵ E Bondye ka sèlman aji lè nou kite L aji. E tèlman gen anpil bèl bagay, ke m di . . .

⁷⁶ Nou konnen, moun yo vle pouvwa, e an reyaltite yo pa konn sa pouvwa ye. Ou wè, yo—yo an reyaltite pa konn sa—sa—sa ki vin avè l. Chemen monte se desann, toujou. Si w vle pouvwa, gade kijan w ka vin enb. Jis rete lwen tout panse monden w yo, epi desann tèt ou devan Bondye, e lè sa a ou gen plis pouvwa pase nonm lan k ap kouri toupatou nan bilding lan epi l ap fè anpil bri; ou wè, paske ou te rive domine tèt ou, pou konsakre pwòp tèt ou pou Kris, nou wè, desann tèt nou devan L. Se sa ki pouvwa vrèman.

⁷⁷ Montre m on legliz ki enb, vrèman enb, pa youn—youn ki awogan; on legliz, jis on legliz ki dou, enb, mwen va montre nou on legliz ki gen favè ak pouvwa Bondye nan li. Se vre. Se bagay sa a sa pran, imilite, pou nou desann tèt nou devan Bondye, jis kite Bondye aji atravè nou. Nou pa bezwen fè on pakèt bri.

⁷⁸ Pafwa, jan kiltivatè a te di a, li te soti al nan chan an ak charyo li, e, chak fwa l frape on douk, sa jis sekwe e li kontinye. Men lè l tounen, li frape menm douk la e li pat fè okenn bri ditou, paske li te chaje ak bon bagay.

79 Kifè m panse se si tèlman vre, ou wè, ke nou ranpli ak bon bagay Bondye yo, pou fwi Lespri a kapab deklare atravè nou. Menm jan li te refere l anpil a 1 Korentyen 13 la a, e jan, ke, “Menm si m ta bay kò m pou yo boule l, e ke m ta gen tout bagay sa yo, e si m pa gen charite; sa pa anyen, sa p ap sèvi m anyen.” Nou wè? Nou vle fè sa.

80 Anvan tout bagay, nou responsab pou grenn nanm pa nou devan Bondye. Ou wè, se—se *ou* ki pral nan Syèl. Se pa èske *m* prale, oubyen èske *l* prale. Se *ou* ki prale, ou wè, ou menm an premye. E ou dwe chache sa epi vini an dousè devan Seyè a.

81 E mwen toujou konstate ke nonm ki desann tèt li a se nonm Bondye elve a. Lè ou pran on moun kap gonfle lestomak li e ki konn tout bagay, epi ou pa ka di l anyen, e li awogan, e—e, ebyen, sa—sa se moun ki p ap janm rive al okenn kote. Men pran moun sa a ki desann tèt yo pou mache dousman.

82 M t ap pale a on nonm lòt jou, ki fèk sot òganize on legliz nan. . . ki te retire kò yo nan on òganizasyon yo te ye. . . Ok, ebyen, se Frè Boze, e legliz sa yo kote yo te gen, yo te gen gwo legliz sa la pandan tèlman lontan, e Seyè a te beni l. Apre sa moun yo te rive nan on pwèn yo te vle vin rafine tankou rès lòt yo, e yo te vle foure l nan yon òganizasyon. E lè yo te fè sa, sa te jis. . . Kreyen enb sa yo ki te la pat vle sa. Tout vi yo, yo te anseye yo lekotrè, kifè yo te elwaye yo de sa. Kounye a yo gen on gwoup, e Seyè a beni yo jouk y ap enstale yo, nan on gwo kote la ankò, pou on legliz kounye a ki akeyi anviwon kat a senk mil moun, e y ap rekòmanse.

83 E yo vin wè m, pou di: “Frè Branham,” nou te chita la nan biwo a, biwo legliz la, lòt jou. E li te di, youn nan lidè yo, Frè Carlson avè yo, yo di: “Kisa nou dwe fè?”

84 Mwen te di: “Jwenn on moun ki va bèje a ki pa gen okenn repitasyon nan tout denominasyon, ki jis on vrè bon frè, otantik, dou, enb k ap viv vi a. Bondye va okipe L de rès la, ou wè.” Mwen te di: “On bon pastè ki va jis nourri brebi yo, e ki va enb epi lòt bagay, Bondye va fè rès la. Si nou pral. . . Pa kèk gran konesè k ap vin la, k ap vin mete *sa* an òd, e *sa a* dwe konsa, ap vire bagay tèt anba.” Mwen te di: “Sa p ap janm mache. Nou fèk sot ladann.”

85 Se sa, chak pati nan legliz la dwe travay ansanm, e nou dwe kontinye jwe wòl pa nou ladan l, pou nou wè nan ki tan n ap viv. Nou ka pi pre pase sa nou panse.

86 Bon, nou apresye Frè Vayle. Se pa vre? Ke Seyè a beni w, Frè Vayle. Mèsi. E nou remèsye Seyè a poutèt li pote gwo mesaj sa pou nou aswè a.

87 E m resevwa on nòt, kèk minit de sa. Youn nan sè yo gen on bagay li te vle di, nan on sonj. Si w vle jis ekri l pou mwen, sè, mwen—mwen. . . Li ba l kèk sonj ki te vre tout bon. Nou pa

aksepte tout sonj. Non, non. Men lè yo vin de Bondye, nou vle konnen ke se Bondye k ap pale avè nou.

⁸⁸ Tankou tout bagay ki pale an lang yo, nou pa kwè l; men lè gen on entèpretasyon ki vini e ki anonse nou on bagay ki pral rive, nou wè l rive, lè sa nou remèsye Seyè a pou sa. Ou wè?

⁸⁹ Nou vle kite sa ap dewoule dousman, doudou, e nan lòd Seyè a. Kifè jis sonje, ke pati pa w la se ka resò prensipal la, oubyen l ka ti, on ti zegwi, ou on ti pati, oubyen tij anwoulman an, kèlkeswa sa l ye a, oubyen li ka zegwi yo ki sou kadran òlòj la, ki endike lè a. Men, kèlkeswa sa l ye a, sa pran nou tout ki ap travay ansanm ann amoni avèk Levanjil Jezikri a, pou akonpli sa.

⁹⁰ Jis reflechi! Si don yo tèlman gwo zafè, sa nou rele pouvwa; e Pòl di: “Menm si m ta gen fwa pou deplase montay, si m pa gen charite, mwen pa anyen.” Reflechi sou sa.

⁹¹ E menm si nou di: “Ebyen, menm si mwen—mwen konprann . . . M ta byen renmen konn Bib la.”

⁹² “Menm si m ta konprann tout mistè Bondye yo,” ou wè, “e menm si m te ka fè sa epi m pa gen charite, mwen pa anyen,” ou wè, “m poko rive pyès kote.” Ou wè, bagay prensipal la se, renmen Bondye, e soumèt tèt ou a sa.

⁹³ Kounye a, se sèten, apre tout ane sa yo sou teren an e atravè lemonn, epi ap wè diferan moun, m ta dwe konnen on tikras sou pòtay kote pou antre a. E si w vle rive on kote ak Bondye, pa janm kite on espri awogan janm vin pre w. Pa kite okenn mekanste antre. Kèlkeswa sa nenpòt moun fè, si yo an tò, pa janm dewlope on konplèks kont moun sa. Ou wè? Se pou w dou epi janti. Sonje, Bondye te renmen w lè w te nan peche. E si Lespri Bondye nan ou, ou renmen lòt moun lan alòske l nan erè. Ou wè, annik priye pou yo, epi renmen youn lòt.

⁹⁴ Anvan tout bagay, renmen Bondye epi renmen youn lòt. E rete enb ak Bondye epi toupatou youn ak lòt, e Bondye va beni nou, e li difisil pou di sa Li va fè. Abityèlman lè on legliz kòmanse gen plis moun e l kòmanse vin on ti jan pi gwo, oswa on bagay konsa, sètalo yo ekate yo de vrè bagay sa, vrè bagay la.

⁹⁵ Èske nou konn kisa ki fè bagay sa yo te rive, lè m te fèk kòmanse epi Seyè a te parèt devan m sou rivyè a pou L te di m sa? E Frè Vayle te wè sa, m kwè, nan on jounal Kanada, plizyè lane de sa, kote Anj Seyè a te parèt sou rivyè a anba la, li te nan Assosiated Press: “Limyè Mistik anlè tèt on minis lokal, pandan li t ap batize.” E—e nou konnen ki sa k te fè sa? Lè nou te fè reyinyon anba tant jis la a lòtbò lari a, on tant ki te ka pran anviwon, o, de mil senksan moun, minis te soti tout kote, pou di: “Frè, vin isit on minit.” M te jis on ti gason, tankou, o, jis on timoun. E li te di: “Kijan w fè kenbe moun sa yo nan yon sèl akò? Yo renmen youn lòt nan pwen ke . . . m pa janm wè moun ki renmen youn lòt konsa.”

⁹⁶ Sa se Seyè a. Se sou sa legliz sa te tabli, lanmou diven, fratènèl sa youn pou lòt. M menm konn wè yo k ap bay lanmen youn ak lòt, ap kite plas la, epi kriye tankou ti bebe, poutèt y ap separe youn ak lòt. Yo te renmen youn lòt nan pwèn sa. E m te ka al lakay yo pou vizite yo, e anpil fwa Bib la te konn louvri avèk tach dlo nan je. M te konn rive la, nan aswè, kote papa ak manman te rasanble ansanm, e timoun yo bò kote yo sou planche a, a jenou toutotou; e papa ak manman sou jenou yo, ap kriye ap priye. M te konn kanpe nan pòt la ap tann ap tann ap tann. E yo pat sispann priye, m te konn jis chita sou eskalye yo epi kòmanse priye, mwèn menm, pandan m t ap tann yo, nou wè. E se te—se te sa . . . e yo te renmen youn lòt. Yo te renmen youn lòt. Nou te konn leve pou chante vye kantik sa a:

Ke lyen sa beni, lyen ki ini
Kè nou nan lanmou Kreyen;
Fratènite pou tout ras an espri
Se tankou sa ki Anwo a.

Lè nou separe youn ak lòt,
Sa ban nou anpil lapenn;
Men nou va kanmenm ini nan kè,
E nou espere reyini ankò.

⁹⁷ M di sa avèk anpil jwa nan kè m, pou Kris. Anpil nan yo ap dòmi toupatou nan tonm ak non sa yo aswè a, ap tann gwo rezirèksyon sa kote nou va reyini ansanm ankò.

⁹⁸ Pa kite espri sa janm kite plas sa! Si jamè sa fèt, alò m pa bezwen konn kijan pastè w la te ka byen pale, kijan l te ka byen pote Pawòl Bondye a, Espri Bondye ap atriste al fè wout Li. Ou wè? Lè nou ka gen tout bagay nan kominyon, ansanm, epi renmen youn lòt, lè sa a Bondye va travay avèk nou.

⁹⁹ E n ap pèsèvere, pou moun yo vini pou yo di: “Si w vle wè on legliz ki vrèman enb, on legliz ki vrèman renmen Bondye, al fè on tou on lè nan tabènak sa e swiv yo. Gade kijan yo gen afeksyon youn pou lòt, respè; pandan y ap preche Levanjil la, jan yo gen anpil respè, jan tout bagay jis an òd.” Wi, apre sa yo ka gade epi wè nan ki tan n ap viv. Nou va wè Lespri Bondye k ap aji nan mitan nou, gwo siy ak bèl mèvèy ak lòt bagay va rive. Si bagay la ap travay ansanm, l ap endike tan an. Men si l pa mache konsa, alò tan an rete, li p ap endike lè a ankò. Alò si nou vle konn nan ki tan n ap viv, tout moun, jis kòmanse travay ansanm nan Levanjil la, renmen youn lòt, renmen Bondye, e zegwi yo menm va endike tan n ap viv ladan l lan. Èske nou kwè sa? Sèten. Amèn. Ke Seyè a beni nou, an abondans.

¹⁰⁰ Kounye a pa bliye, ale tout kote semèn sa. E si nou konn nenpòt nan moun malad k ap vini yo, di yo, lè yo vini, di: “Byenneme, m vle mande w on bagay. N ap priye pou malad yo, dimanch maten, nan tabènak la. E sa fè on ti tan ou malad, bon m vle . . .”

“Ebyen, m vle ale. M te toujou vle ale.”

¹⁰¹ “Kounye a, m fèk tande on mesaj dimanch swa, de on frè la, sou kijan nou dwe konfese tò nou youn bay lòt, e priye youn pou lòt, pou nou ka geri. Jak 5:14, 13, 14, 15, ou wè, ke nou dwe konfese tò nou youn bay lòt anvan menm nou vin chache gerizon. Wi. Konfese tò nou youn bay lòt, e priye youn pou lòt.” Ou wè? Ou wè sa? Jis egzakteman de sa menm li t ap pale aswè a, sa fè jwa pafè a retounen ak Mak 16. Melanje sa ansanm, n ap jwenn li, alò gerizon va fèt.

¹⁰² Gade Jezi, pat lòt bagay ke on pake lanmou. Ou wè? Li te Bondye ki manifeste. Li, Bondye, te eksprime Tèt Li atravè Li, se pa etonan ke mirak ak lòt bagay te fèt. Vi enb Li, ak Vi konsakre Li; pou L soti de Bondye, pou L vin on moun isit sou tè a, pou eksprime Bondye atravè Li menm. Se sa ki fè Li sa L te ye a. Mwen toujou di: “Sa k te fè Jezi Bondye, pou mwen menm, se te fason L te imilye tèt Li. Li te tèlman gran, e poutan Li te ka tou piti.” Ou wè? Se vre.

¹⁰³ Ke Bondye beni nou anpil. Kounye a annou leve, e pou nou klotire. Annou jis eseye sa, (ou ka pa konnen l, sè), se *Beni Lyen An Ki Ini Nou*. Ann chante l on sèl fwa, nou vle? Ban nou nòt la.

Beni lyen an ki ini
Kè nou nan lanmou Kretyen;
Fratènite pou tout ras an espri
Se tankou sa ki Anwo a.

¹⁰⁴ Kounye a pandan n ap chante dènye kouplè sa, annou bay youn lòt lan men, “Si nou separe youn ak lòt,” e annik di: “Ke Bondye beni w, frè, sè. M tèlman kontan isit la avè w aswè a.” Ou wè, on bagay konsa, e apre sa vire kò w. Kounye a annou chante l.

Lè nou separe . . .

Ke Bondye beni w, Frè Neville!

Sa bannou anpil lapenn;
Men nou va kanmenm ini nan kè,
E nou espere reyini ankò.

¹⁰⁵ Ala renmen nou renmen Seyè Jezi a! Se pa vre? Ala . . .

. . . jouk nou rewè!
Jouk nou rewè nan pye Jezi; (Jouk nou rewè!)
Jouk nou rewè! jouk nou rewè!
Ke Bondye avè nou jouk nou rewè ankò!

Annou fèmen je nou, pou jis chante sa an Espri kounye a.

Jouk nou rewè! jouk nou rewè!
Jouk nou rewè nan pye Jezi;
Jouk nou rewè! jouk nou rewè!
Ke Bondye avè nou jouk nou rewè ankò!

¹⁰⁶ Kounye a avèk tèt nou bese. Nou jis tankou timoun, pitit Bondye. Annou fredonne l. [Frè Branham fredonne *Ke Bondye*

Avè Ou—Editè a.] O, ala sa mennen Espri Bondye a pou nou! Èske nou te ka imajine premye jou yo lè yo te konn chita sou blòk wòch?

Ke Bondye avè nou jouk nou rewè ankò!

¹⁰⁷ Avèk tèt nou bese, m pral mande si Frè Allen dèyè a la, on nouvo frè nan mitan nou, si l vle klotire ak on mo priyè. Frè Allen.



IMILYE OU CRE63-0714E
(Humble Thyself)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle on dimanch swa, 14 jiyè 1963, nan Branham Tabernacle nan Jeffersonville, Indiana, U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2022 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org